



Enfòmasyon itil sou Pwogram ekonomi Medicare (MSP)

Byenveni nan Pwogram ekonomi Medicare (Medicare Savings Programs, MSP) !

MSP pa yon plan asirans. Men se pwogram MassHealth jere ki ka ede bese frè Medicare ou yo. Gen de (2) nivo nan avantaj yo ofri ki baze sou revni w, jan li prezante nan tablo a. Nivo pwogram sa yo rekonèt datre paraf yo : **QMB** (benefisyè Medicare ki kalifye oubyen Qualified Medicare Beneficiaries), e **SLMB** (benefisyè Medicare ki pa gen gwo revni presi oubyen Specified Low Income Medicare Beneficiaries) oubyen **QI** (pèsonaj ki kalifye oubyen Qualifying Individuals).

Si w	E revni w lemwa se*	Ou gendwa ka jwenn
Selibatè	Mwens pase \$2,385	QMB
	Ant \$2,386 e \$2,824	SLMB/QI
Yon koup marye	Mwens pase \$3,237	QMB
	Ant \$3,238 e \$3,833	SLMB/QI

*Limit sou revni chanje 1^e mas chak lane.

Avantaj QMB e SLMB / QI

Nivo avantaj ou resevwa depann sou montan revni w. Tablo a montre kisa pwogram sa yo ka fè pou ou.

Kisa HSN ye?

HSN peye pou kèk nan sèvis medikal lopital swen entansif oubyen CHC founi sèten pasyan ki malere, ki pa gen asirans, oubyen ki pa gen ase asirans. Si w admisib pou yon MSP, e ou resevwa swen nan yon lopital oubyen CHC, HSN ka yon dezyèm k ap peye pou kopeman oubyen dediktib lopital oubyen CHC a faktire. Sa vle di HSN gendwa peye kèk frè apre Medicare faktire. HSN gendwa peye tou pou sèvis Medicare pa kouvri, si w resevwa swen an nan yon lopital oubyen nan CHC.

Pa gen katon manm pou Health Safety Net.

Kisa Extra Help (èd siplemantè) ye?

Extra Help si yon pwogram Medicare ki ede moun, ki pa gen gwo revni e resous, peye prim kouvèti medikaman Medicare (Part D), dediktib, ko-asirans, e lòt frè. Extra Help limite tou montan kopeman pou medikaman preskripsyon ou yo. Moun ki gen sa ka enskri nenpòt lè nan lane a pou Medicare Part D, san penalite pou enskripsiyan anreta.

Avantaj	QMB	SLMB/QI
Peye prim Medicare Part A ou a	✓	
Peye prim Medicare Part B ou a	✓	✓
Vini avèk kouvèti Health Safety Net (HSN) e lopital ki founi swen entansif e sant medikal kominotè (community health centers, CHC)	✓	✓
Ede avèk frè medikaman preskripsiyan ou yo e pou fè sa enskri w otomatikman nan yon Medicare Part D Extra Help	✓	✓
Peye tout frè sèvis ki kouvari nan Medicare Part A e Part B ou yo, tankou dediktib, ko-asirans, e kopeman Medicare	✓	
Katon MassHealth	✓	
	Montre katon Medicare e MassHealth ou yo pou founisè swen konnen ou nan program QMB a.	

Fè yon kontwòl sou kouvèti Medicare

Sa w bezwen Medicare kouvri gendwa chanje. Èske w ta renmen konnen si w ka ekonomize lajan nan kouvèti ou genyen an oubyen si w kalifye pou w resevwa avantaj siplemantè? Pwogram Sèvi bezwen tout moun nan asirans medikal (Serving the Health Insurance Needs of Everyone, SHINE) ka ede w! Pwogram SHINE la fourni enfòmasyon gratis sou asirans medikal pou tout benefisyè Medicare.

Pran yon randevou avèk yon konseye SHINE pou l

- reponn kesyon ou genyen sou kouvèti ou a e sou avantaj ou yo ; e
- ede w konprann ki opsyon ou gen epi ede w pran desizyon.

Pou jwenn yon konseye SHINE pre lakay ou,

- Sonnen MassOptions nan (800) 243-4636 ; oubyen
- monte nan mass.gov/info-details/find-a-shine-counselor.

KONNEN KI DWA OU GENYEN : Pwoteksyon sou faktirasyon nan pwogram QMB

Si w enskri nan pwogram QMB a, li ilegal pou founisè Medicare faktire w pou tout sèvis oubyen atik Medicare kouvri. Li vle di...

- Ou pa fèt pou w peye kopeman pou konsiltasyon kay doktè oubyen pou tès Medicare kouvri.
- Ou pa fèt pou w resevwa yon fakti nan men doktè oubyen lopital Medicare kouvri.

Kisa k ap rive si m enskri nan QMB e m resevwa yon faktif?

1. Si w resevwa yon fakti oubyen yo mande w peye yon kopeman pou yon sèvis Medicare kouvri : Di founisè a oubyen moun k ap eseye rekiperre yon dèt ou dwe, ou nan pwogram Medicare Savings QMB e w pa ka faktire pou dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman Medicare. Montre katon Medicare e MassHealth ou yo pou founisè swen konnen ou nan program ekonomi Medicare QMB a. Founisè a ka kontakte Medicare pou tout kesyon li gen sou kijan pou l resevwa peman.
2. Si w deja peye yon fakti pou sèvis oubyen atik Medicare kouvri : Ou gen tout dwa pou w ranbouse pou peman. Se pou w kontakte doktè w oubyen founisè a pou w konnen kijan pou w resevwa yon ranbouseman.
3. Si w nan yon Medicare Advantage Plan : Se pou w kontakte plan an pou w mande yo sispann voye frè yo ba ou.
4. Si founisè a pa sispann voye fakti ba ou, se pou w sonnen Medicare nan **1-800-MEDICARE ([800]-633-4227)**, TTY : (877) 486-2048.

Èske w bezwen plis èd?

Sonnen MassHealth nan **(800) 841-2900**, TDD / TTY : 711. Gen reprezantan ki disponib lendi jouk vandredi, ant 8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Ou ka pran yon randevou nan mass.gov/MassHealthAppointment.

Oubyen ou ka ale nan yon sant enskripsyon MassHealth (MassHealth Enrollment Center, MEC). MEC yo louvri e aksepte detwa vizit san randevou ant 8:45 a.m. jouk 5:00 p.m.